



## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### DISTANS SOSYAL

Chak biwo dwe kontwòle antre ak sòti kliyan ak travayè anvan avèk limite kantite moun an toutan nan piwo nivo nan sa ki annaprè a :

- 50% nan maksimòm okipasyon etablisman an ki otorize jan li dokimante nan dosye pèmi okipasyon I avèk depatman bilding minisipal oswa lòt detantè dosye minisipal
- Etablisman yo ki pa gen limit pèmi okipasyon otorize nan dosye a ka kite 10 moun (sa ki gen ladan) pou chak 1,000 pye kare espas aksesib
- Nan nenpòt ka, okenn espas fèm nan etablisman an ka depase okipasyon 10 moun pou chak 1,000 pye kare
- Tout chif ak kalkil okipasyon dwe enkli vizitè, anplwaye, ak lòt travayè yo,

Biznis ak lòt òganizasyon yo ka depase nivo okipasyon maksimòm baze sou yon bezwen demontre pou konsiderasyon sekirite piblik oswa sante oswa kote konfòmite strik ka entèfere avèk livrezon kontinyèl sèvis enpòtan yo

Asire separasyon nan 6 pye oswa plis ant moun yo sof si sa kreye a danje sou sekirite akòz nati travay oswa konfigirasyon espas travay la

Fèm nan oswa rekonfigire zòn dansite elve ak komen yo kote travayè yo siseptib pou regwoupe (egzanp., sal repo, sal-a-manje) pou pèmèt distans sosyal; rekonfigire estasyon travay yo pou asire distans fizik; redesine estasyon travay yo pou asire distans fizik (egzanp., tab separe, itilize makè distans pou asire espas)

- Kafeterya yo dwe pratike distans sosyal ak mezi ijyèn apwopriye e yo ka otorize moun chita andedan ak/oswa deyò dapre direktiv restoran yo
- Enstale patisyon fizik pou separe estasyon travay yo ki pa kapab distanse. Patisyon fizik yo dwe omwen 6 pye nan wotè
- Etabli koulwa direksyon ak pasaj pou trafik a pye si posib, pou diminye kontak. Afiche siy vizib klè osijè règleman sa yo
- Limite vizitè yo lè sa posib, ak evite rasanbleman nan zòn komen yo (egzanp., saldantant yo)
- Make sal ak koulwa yo pou endike 6 pye separasyon

Vire lè travay ak amelyore vantilasyon pou espas fèm nan yo lè sa posib (egzanp., ouvè pòt ak fenèt yo)

Limite gwosè reyinyon yo, asire distans sosyal 6 pye, ak ankouraje patisipasyon a distans

Vire lè travay, poz ak manje, règleman kantite moun maksimòm nan yonsèl kote ak asire yon distans fizik 6 pye

Redwi itilizasyon espas fèm nan (egzanp., asansè, sal kontwòl, veyikil) pa plis pase yonsèl moun alafwa; tout travayè yo nan yon espas konsa anmenmtan gen obligasyon pou mete yon mask pou figi

### Rekòmande pi bon pratik yo

Deziyen zòn travay (egzanp., planche bilding) pou moun yo kote li posib pou limite mouvman toupatou nan etablisman an ak limite kontak ant travayè yo



### PWOTOKÒL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou chantye a, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Afiche siy vizib nan tout chantye a pou fè travayè yo sonje pwotokòl ijyèn ak sekirite


Dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% ta dwe disponib nan antre yo ak nan tout zòn planche a pou alafwa travayè ak kliyan yo

Egzije netwayaj ak sanitasyon regilye nan tout kote yo manyen anpil yo tankou biwo, manch pòt, ak twalèt yo

Evite pataje materyèl / ekipman oswa dezenfekte ekipman ant itilizasyon (egzanp., telefòn, machin faks)



## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### PÈSONÈL & OPERASYON

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sekirite ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan:

- Distans sosyal, lave men, itilizasyon apwopriye nan kouvri figi
- Oto depistaj nan kay, sa ki gen ladan tcheke sentòm ak tanperati
- Ranfòse ke anplwaye ki malad pa ta dwe vini travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab rann moun nan pli siseptib pou kontrakte ak soufri de yon ka viris maladi grav

Etablisman yo dwe teste travayè yo nan chak chif travay lè yo asire sa ki annaprè a:

- Travayè a pa genyen okenn sentòm tankou lafyèv (100.0 ak piwo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, kò fè mal/misk, nen koule/konjesyon, nouvo pèt gou oswa sant, oswa kè plen, vomisman oswa dyare
- Travayè a pa t genyen "kontak pwòch" avèk yon moun ki dyagnostige avèk COVID-19. "Kontak pwòch" vle di viv nan menm kay avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ou te nan distans 6 pye de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pou 15 minit oswa plis, oswa vini an kontak dirèk avèk sekresyon (egzanp., pataje istansil, ou tap touse) de yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, pandan ke moun nan pa gen sentòm
- Doktè oswa yon otorite sante piblik pa t mande travayè a pou l izole l oswa rete an karantèn
- Yo dwe voye lakay yo travayè yo ki neglije pou satisfè kritè ki anwo a

Ajiste lè ak orè travay yo (si wap travay an-pèson, ogmante ekip kap travay la avèk diferan orè oswa chanje arive/depa) pou redwi kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen dantre yo

Kenbe jounal sou travayè ak vizitè pou sipòte retrace kontak (non, dat, lè, ak enfòmasyon kontak) si sa nesèsè

Travayè yo odwe kouvri figi yo lè distans sosyal nan 6 pye pa posib, sof lè li pa ansekirite akòz kondisyon medikal oswa nadikap

Anplwayè yo ta dwe ajiste lè ak orè travay pou travayè yo (si yap travay an-pèson, ogmante kantite ekip avèk diferan orè oswa chanje arive/depa) pou redwi kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen dantre yo

Limite vizitè ak founisè sèvis yo sou sit la; ekspedisyon ak livrezon ki fèt nan zòn deziyen yo

Pou w jwenn gid sou vwayaj biznis yo patwone, refere nan **òdonans vwayaj aktyèl andeyò eta**, Commonwealth la. Yo dekonseye fòtman anplwayè yo pou otorize vwayaj ki gen rapò avèk biznis nan destinasyon ot ke sa yo ki parèt sou lis Eta ki gen mwens risk pou COVID-19 Depatman Sante Piblik. Anplwayè yo ki otorize vwayaj peye oswa ranbouse nan Eta sa yo ta dwe pran mezi pou asire anplwaye yo konfòme avèk òdonans sa a. Yo mande anplwayè yo pou dekonseye anplwaye yo pou yo pa fè vwayaj plezi nan destinasyon ki pa enkli sou lis Eta ki gen mwens risk pou COVID-19.

Travayè yo pa ta dwe vini travay si yo santi yo malad

Si yo enfòme anplwayè sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyon Depatman Sante Lokal (LBOH) nan vil oswa vilaj kote plas travay la lokalize epi travay avèk yo pou retrace posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou yo izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan [Direktiv sou Estanda Sekirite Obligatwa nan Plas travay la](#)

Biwo yo ta dwe kenbe èdtan fonksyonman ki pèmèt yon netwayaj ak dezenfeksyon kontinyèl

Otorize pou itilize fontèn dlo yo kòm estasyon rechaj inikman, a kondisyon ke yo ka kenbe distans sosyal. Travayè yo ta dwe pote boutèy dlo yo

Ekipman ak sèvis ki sou plas ka ouvè ak fonksyone sèlman lè ekipman oswa sèvis sa yo ta otreman otorize pou fonksyone anba Plan Faz Re-ouvèti Commonwealth la e apres a li dwe konfòme avèk tout pwotokòl sekirite sektè spesifik, disponib sou [sitwèb plan re-ouvèti a](#), ki aplikab nan ekipman oswa sèvis. Egzanp yo gen ladan:

- Kafeterya yo: Dwe swiv dènye direktiv sou restoran

### Rekòmande pi bon pratik yo

Yo ankouraje anplwayè yo pou kontinye tele-travay si posib egzanp., reyinyon ekstèn yo ta dwe fèt a distans pou redwi dansite nan biwo a

Travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp., akòz laj oswa lòt kondisyon medikal) ankouraje yo rete lakay yo oswa fè aranjman yon lòt afektasyon travay

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/dezenfekte ak retrace kontak



## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Netwaye sifas komen ki manyen anpil yo nan twalèt yo (egzanp., chèz twalèt, manch pòt, manch kabinè, lavabo, distribitè sèvyèt an papyè, distribitè savon) souvan ak annakò avèk direktiv CDC

Fè netwayaj ak dezenfeksyon chak jou sou chantye a (omwen chak jou, ak pi souvan si posib)

Kenbe jounal netwayaj la ki gen ladan dat, lè, ak nivo netwayaj

Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo (egzanp., manch pòt, bouton asansè, eskalye, distribitè otomatik, twalèt yo)

Netwaye espas pataje yo (egzanp., sal konferans yo) ant pwodui netwayaj pou itilize (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan an papyè)

Nan sitiyasyon yon ka pozitif, fèmen sit la pou yon netwayaj ak sanitasyon apwofondi nan plas travay la avèk gid aktyèl CDC

#### **Rekòmande pi bon pratik yo**

Ouvè pòt ak fenèt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib